# ШАҢАРАҚ ҲАҚҚЫНДА ШЫҒЫС ОЙШЫЛЛАРЫНЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ҲӘМ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ

***Пурханов Ю.Е.***
*Бердақ атындағы ҚМУ доценти*

**Таянч сўзлар:** авесто, оила, таълим, тарбия, донишманд.
**Ключевая слова:** авесто, семья, образование, воспитание, мудрец.
**Key words:** avesto, family, education, upbringing, sage.

Ҳәр бир инсан ең дәслеп өз өмирин, бахытлы ҳәм қуўанышлы күнлерин шаңарақ пенен байланыстырады. Себеби шаңарақ ҳәр бир инсанның киндик қаны тамған кәраматлы мәканы, ўатаны есапланады. Усы кәраматлы мәканды қорғаў, беккемлигин сақлаў ҳәр бир ата-ананың миннетли ўазыйпасы. Шаңарақларда тәрбия алып атырған ул ҳәм қызлар ол жерде жаратылған шараятларға, берилген тәрбиялық тәсирлерге байланыслы дүньяға көз-қарасы раўажланады ҳәм жәмийетлик норма қағыйдаларға жуўап бериўши шахс болып жетилиседи.

Шаңарақ ҳәр бир инсанниң өз үйи, ыссыдан ҳәм суўықтан қорғаўшы баспанасы есапланады. Бала усы шаңарақта туўылып камалға келеди, раўажланады, жетилиседи ҳәм жәмийетге араласады. Шаңарақ ҳаққында көп ғана алымлар изертлеў жумысларын алып барған. Шаңарақ дегенимиз - некеге ҳәм жақын ағайинликке тийкарланған этикалық жуўапкершилик, өз-ара ҳүрмет, түсиниў ҳәм меҳир-муҳаббат улыўмалығы менен байланысқан киши социал топар есапланады [1;14].

Шаңарақ басқа түрдеги киши топарлардан өзиниң бир қатар тәреплери менен ажыралып турады:

- биринШиден, шаңарақ көп мүддетке, яғный бир неше он жыллар ҳәм оннанда көп жыллар даўамында бар болады;
- екиншиден, шаңарақта шахслар аралық мүнасәбетлердиң бир неше түрлери әмелге асады, яғный миллий идеологиямызға тийисли

дәслепки түсиниклер, әўеле шаңарақ орталығында сиңеди және бул процесс ата-бабалар нәсияты, әке ибраты, ана меҳри арқалы әмелге асады. Бунда шаңараққа тийисли мүнасәбетлерде тәрбиялық, психологиялық, эмоционаллық, финанслық, жыныслық ҳәм басқа ўазыйпалардың әмелге асырылыўы бақланады;

- үшиншиден, шаңарақтағы барлық мүнасәбетлерде унамсыз ямаса унамлы жағдайлар жүзеге келеди, яғный шаңарақ ағзаларынан биреўдиң биреўге тәсири ақыбетинде шахс жақсы адам болып қәлиплесиўи ҳәм кәмил инсан дәрежесине жетиўи ямаса тәрбиясы, минези бузық адам болып тәрбияланыўы мүмкин. Солай екен, жәмийет ушын жүдә әҳмийетли есапланған ата-ана ҳәм бала, ер ҳәм ҳаял, шаңарақ ағзаларының өз-ара мүнәсебетлери менен байланыслы болған мәселелер әйне шаңарақ негизинде жүзеге келеди. Сол себепли де әййемги заманлардан баслап шаңарақ, ондағы мүнасәбетлер мәселелери ҳәр бир дәўирдиң данышпан алым, ойшыллары тәрепинен үйренилинип келингенлигин ҳәм олардың көз-қарасларында бул мәселелердиң көрсетилгенлигин байқаймиз.

Шығыс ойшылларын идеялық тәрептен бирлестиретуғын тийкар соннан ибарат, олар шахс тәрбиясы ҳәм кәмалында шаңарақтың, шаңараққа тийисли тәрбияның ролин жоқары қойған, әсиресе, шахстың интеллектуал ҳәм этикалық камалға келиўинде шаңарақтың орны, ата-ана ҳәм жақын адамлардың бағдарлаўшы ҳәм тәрбиялайтуғын ўазыйпаларына айрықша итибар берген. Олар тек шаңарақта ғана раўажланыўы мүмкин болған сыпатлар ҳадаллық, пәклик, мәртлик, меҳрибанлық, ҳақыйқатлық сыяқлы қатар пазыйлетлерди барлық сыпатлардан жоқары қойыўлары менен бирге инсаныйлық мүнасәбетлерде көринетуғын жоқары пазыйлетлер, әўеле, ата-анадан балаға өтиўи ҳәм олардың жәмийет раўажланыўына унамлы тәсири сыяқлы қымбатлы пикирлер және бул бойынша әмелий көрсетпелерди өз философиялық-этикалық, социологиялық ҳәм психологиялық көз-қарасларында баянлап берген [1;15]

Зардуштийликтиң әййемги китабы «Авесто» да шаңарақ мәселесине айрықша итибар қаратылған. «Авесто» китабында айтылыўынша «Ағайин туўысқанлар өз-ара шаңарақ қурмаў кереклиги, қәўим, урыў қаны таза, әўлад болса нуқсансыз сақланыўы керек, көп балалы шаңарақларға мәмлекет тәрепинен напақа тайынланыўы лазым, 2-3 рет туўған ҳаяллар сыйлық алыўға ылайық» [2;12].

Бул китапта көрсетилиўинше, шаңарақта әке жетекши болғаны мақул. Соның менен бирге онда көрсетилген шаңарақ ҳәм шаңарақлық қарым-қат-

насларға ҳәмме әмел етиўи керек болған. Ең әҳмийетли тәрепи сонда, ол жағдайда ер-ҳаялды өз-ара садық, ғамхор, меҳрибан болыўы кереклиги ҳәм ҳаялдың ҳуқықын қорғаў сол дәўирде де нызам дәрежесине көтерилгенлиги мәлим болып табылады. Сондай-ақ «Авесто» да шаңарақтың кәраматлылығы, оның турақлылығында ер-ҳаялдың жуўапкершилиги, шаңарақта балалар тәрбиясы мәселесине айрықша итибар берген ҳалда әдеплилик, мийнетсүйгишлик, исбилерменлик, ўатансүйгишлик, әдиллик, сақыйлық пазыйлетлерин тәрбиялаўға шахслардың өз ара мүнәсибетлерине айрықша дыққат-итибар қаратылған. Ҳәр бир инсан ийманлы, диянатлы болыўы, бунның ушын ҳәмме ўақыт таза, пәк жүриў кереклиги, жаўызлықты қаралап атырған ўақытта дененің таза болыўы ҳаққында айтылады [3;111]. Әййемнен түркий халықлардың қурам бөлеги сыпатындағы халқымыздың тарийхый тәрбиялаў қуралы сыпатында өз перзентлерин төмендеги дереклерге тийкарланған ҳалда, яғный: диний билимлер тийкарында, мийнет пенен шуғылландырыў, саламат шаңарақ орталығын жаратыў, қәдириятлар, үрп-әдетлер, дәстүрлерге әмел қылыў тийкарында шаңарақ тәрбиясындағы турақлы түрдеги тәсиршең күш шаңарақлық тәртип, яғный шаңарақ ағзаларының бир бирине мүнәсибети, ата-ана ҳәм үлкен жастағы ағайин-туўысқанлардың минез-қулқы, мәдений ҳәм сиясий дәрежеси, қарым-қатнас мәденияты, шаңарақтың дәраматы, жасаў шараяты сыяқлылар арқалы унамлы нәтийжелерге ерисилген. Әзелден халқымыз шаңарақларында ҳәр бир шахстың өз орны, ҳүрмети ҳәм абыройы оғада қәдирленгенлиги мәлим болып, миллий әдетлерге тийкарланған шығысқа тән гөззал тәрбияны жүзеге келтирген. Соннан, шаңарақта атаның роли ҳәм абыройы жүдә жоқары болып, атаның ҳәр бир сөзи, көрсетпеси бәрше перзентлери ушын нызамдай есапланған ҳәм ол сөзсиз орынланған. Шаңарақтың ҳәтте ең киши ағзасына да ҳүрмет пенен мүрәжат қылынғанлығы шаңарақтағы шахслар ара мүнәсибет системасының саламат руўхый тәрбия тийкарында пайда болыўына хызмет қылғанлығын айрықша атап өтиў лазым. Бул болса усы шаңарақтағы өз ара ҳүрмет, қатаң тәртип-интизам ҳәм итибардың қәлиплесиўине хызмет қылған. Улыўма алғанда, зардуштийлик дәўиринен-ақ шаңарақ мәселелерине үлкен итибар қаратылған болып, бул болса шаңарақтың жәмийетте тутқан орны ҳәм позициясын беккемлеў ушын орын алғанлығын байқаймиз.

Араб халқының уллы ойшыл-данышпаны Муҳаммед Ибн Абдулла Ислам дининиң тийкарын салыўшы, әсиресе Ислам динине тән болған концепциясын ислеп шыққан уллы педагог сыпатында дүньяға белгили. Уллы ойшыл Ислам дининиң кәраматлы китабы есапланған «Қуран» ды

ҳәм буннан кейин алты мыңнан аслам даналық сөзлерден ибарат «Ҳәдийс» лерди жаратты. Инсанның әдеп-икрамы, адамгершилиги бойынша даналық пикирлерин баянлады. Муҳаммед пайғамбар алайҳиссалам өз Ҳәдийслеринде жаслар тәрбиясына айрықша дыққат қаратты. Адам жас ўақтында алған жақсы тәрбия нәтийжесинде жетилиседи, бунда ата-ана меҳриниң үлкен психологиялық-сезимлик тәсири бар. Ата-ананың меҳрибанлық сезими баладағы усы сезимлерди жанландырып қәлиплестиреди, нәтийжеде баланың адамларға тән әдеп-икрамлық шәртлерин ийелеп ер жетиўи нәтийжели жүзеге асады. Сондай-ақ, Ислам дининиң кәраматлы дереклеринен болған Қуран ҳәм Ҳадислерде де әдеп-этика, ҳаяллардың турмыстағы орны ҳәм ўазыйпалары, ер ҳәм ҳаял ортасындағы қатнаслар, балалар тәрбиясы, шаңарақ жүргизиў, неке ҳәм муҳаббат мәселелерине де кең орын берилген.

Төменде Ҳәдислер топламынан бир неше мысаллар келтиремиз: *«Адамлар ишинде ҳаял адамға салыстырғанда ҳақлысы оның ери болып табылады. Еркек адамға салыстырғанда адамлардың ҳақлырағы - бул оның анасыдур» (34- ҳәдис);*

*«Перзентлериңизди иззет-икрам етиў менен бирге әдеп-икрамлығыңызды да жақсылаңыз» (38-ҳәдис);*

*«Ҳеш бир әке өз перзентине минези әдебинен уллылаў мийрас бере алмайды (136 –ҳәдис).*

Жоқарыдағы дереклерден белгили, шаңарақтың кәраматлы екенлиги, ер адам ҳәм ҳаяллардың шаңарақ алдындағы миннет ҳәм жуўапкершиликлери, ата-ананың бала ҳәм өз гезегинде перзенттиң ата-анасы алдындағы ўазыйпалары, ер адамның ҳаялына ҳүрмет ҳәм иззети баҳалы қәдириятлар ретинде қаралған.

Егер халық эпосы ҳәм диний қолланбалар адамларда аўыздан- аўызға, әўладтан әўладқа өтип сақланып келген болса, халық данишпанлары өз баҳалы пикирлерин халық дәстүрлерине таянған ҳалда өз дөретпелеринде көрсетип, оларды келеси әўладлар ушын қалдырған. Сондай философ-ойшыллардан бири Абу Наср Фарабий болып табылады. Оның инсан кәмалы, бахты, тәлим ҳәм тәрбиясы, улыўма этикасы, динге мүнасәбети ҳаққындағы көз-қараслары улыўма философиялық-этикалық көз-қараслар ҳәм түсиндириўлерден ибарат болып, этика теориясын байытқан. Оның тәлийматларында ҳақыйқый бахыт бир адамның басқасына қарағанда қызғаншақлығы, зулымы жоғалғанда ғана болады, шаңарақ ағзаларының бир-бирлерине шын жүректен мүнасәбетлери, мийиримлери болса әне сол шаңарақтағы адамлардың бахтын қурайды. Сондай-ақ Фарабий

жаслардың мораллық тәрбиясы ҳаққында да пикирлер жүргизген. Ол әдеп икрамлы инсан дегенде оқыў-илимге умтылыўшы, ҳақыйқатлық ҳәм әдалатлылық ушын гүресиўши, өтирикшиликтиң душпаны, өз пикиринде туратуғын, адамларды нәзерде тутады. Ол жақсы минез-қулықлы адам болыў ушын өзинде он еки түрли қәсийетти бирлестирген болыўы тийис деп есаплады: *1. Жақсы ден саўлық; 2. Өткир зейин; 3. Беккем яд; 4. Тез қарарға келиў; 5. Сулыў сөйлеў; 6. Оқыў, билимге умтылыў; 7. Зыянлы қумар ойынлардан аўлақ болыў; 8. Шынлықты ҳәм әдилликти сүйиў; 9. Арнамыслы болыў. 10. Дүньяпараз болмаў; 11. Адамгершиликли болыў; 12. Жөнсиз өжет болмаў* [4;172].

Буннан тысқары ойшылдың ҳәр бир ата-ананың өз перзентлери ушын баслаўыш устаз, жол көрсетиўши екенлиги, атап айтқанда олар балада тәлим-тәрбияға керекли таярлық жағдайын қәлиплестириў тәсирине ийе екенлиги ҳаққындағы көз-қараслары ҳәзирги күн ушын да қаншелли әҳмийетли екенлигин көрсетеди.

Орта әсирлердиң уллы ғайраткери, энциклопедист-алым Абу Райхан Беруний (973-1048) Фарабий көз-қарасы тәсиринде бир қатар пәнлер бойынша из қалдырған ойшыл болып табылады. Оның пикиринше: «Инсан жәмийетте өз ағайин-туўысқанлары менен бирлесип алыўға мәжбүр болып табылады, буннан мақсет бир-бирин қоллап-қуўатлаў ҳәм де ҳәр бир адамниң өзин ҳәм тағы басқаларды тәмийинлеў ушын ислерди орынлаў». (Минерология, 1966, 10 - бет) [1 ;17].

Беруний устазлары изинен барып, өзиниң гуманистлик көз-қараслары менен шаңарақ психологиясына мүнәсип үлесин қосты. Ол инсанлар ортасында өз-ара бир-бирлерин түсиниў, теңлик ҳәм басқарыўда әдалатты қорғап шықты. Бул көз-қараслар бизиң дәўиримизде де өз әҳмийетин жоғалтғаны жоқ. Шаңарaққа тийисли мүнасәбетлер және бул тараўға тийисли көз-қараслар системасында Шығыс ойшылларынан бири пүткил Европа халықлары тән алған алым Абу Али ибн Сино болып табылады (980-1037). Уллы алым ретинде ол барлық ҳәдийселердың илимий мәнисин ашып бериўге ҳәрекет еткен. Ибн Синоның педагогикалық ҳәм психологиялық көз-қараслары социал тийкарда қурылған болып, ол бала тәрбиясында улыўма инсаныйлық принциптиң қолланылыўын жақлап шыққан ҳәм тәрбияши ата-аналарға баланы қатты дене жазасынан көре, жеке ибрат арқалы тәрбиялаў мақуллығын түсиндирген.

Әдеплилик тәрбиясы мәселелеринде шаңарақтың орнын айрықша айтып өткен. Шаңарақ ҳәм шаңарақлық қатнаслар мәселеси оның «Тадбири мәнзил» шығармасында айрықша тәризде айтылған. Ибн Сино дәслеп

шаңарақлық мүнасәбетлердиң түрли тәреплерин жарытыўда шаңарақ басшысы алдына қатар талапларды қояды. Алымның пикиринше шаңарақ басшысы теориялық, әмелий тәрептен шаңарақта тәрбия мәселелерин толық өзлестириўи керек. Егер шаңарақ баслығы тәжирийбесиз болса, өз ағзаларын жақсы тәрбиялай алмайды, ақыр-ақыбет ол жақсы, унамлы нәтийжелерге ерисе алмайды. Жаман тәрбия тек ғана бул шаңарақға, қоңсыларға, мәҳеллеге де жаман тәсир етиўи мүмкин. Шаңарақтағы бала тәрбиясы ата-ананың жәмийетте тутқан позициясына қарамастан, олардың тийкарғы ўазыйпасы болып табылады-деп есаплайды. Ата-ана мәмлекет баслығыма ямаса әпиўайы пуқарама, бари бир ол бала тәрбиясы бойынша жуўапкер болып табылады. Ибн Синоның бала тәрбиясы, тәрбия психологиясына қойған бул талаплары сол дәўирде қаншеллилик зәрүр болса, бизиң бүгинги күнимизде де ол өз күшин жоғалтғаны жоқ. Оның пикирине қарағанда тәрбияшы, яғный ата-ана «тек ғана сөз бенен, бәлки әмелде де бала руўхына тәсир көрсетиўи керек»[1;19] .

Улыўма айтқанымызда перзентлеримиздиң тәрбиялы, билимли, әдеп-икрамлы болып камалға келиўи шаңарақтың беккемлигине, ата-аналардың татыўлығына, шаңарақта балаларға жаратылған шараятларға байланыслы екенлигин атап өтиў зәрүр.

**Әдебиятлар:**

1.Shoumarov G’.B. va boshqalar. Oila psixologiyasi.-T., «Sharq», 2013.- 296 b.

2.Зуннунов А. Педагогика тарихи.-Т., «Шарқ», 2004.-12б.

3.Бобоев Ҳ. Ҳасанов С. «Авесто» - маънавиятимиз сарчасмаси . «Адолат». –Т.: 2001. -111 б.

4.Алеуов У.Қарақалпақстанда тәлим-тарбиялық ой-пикирлердиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. «Билим» -Н.:1993.-172 б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада оила ҳақида Шарқ мутафаккирларининг педагогик ва психологик қарашларининг аҳамияти ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о значении восточных педагогических и психологических семейних взглядов.

**SUMMARY**

The article talks about the importance of Eastern pedagogical and psychological views on the family.